



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO EFÒ POU METE PLIS CHOFÈ BIS LEKÒL SOU WOUT LA

**DMV adopte "[egzansyon anba kapo a](#)" pou tè s woutyè pou pèmi kondui komèsyal la**

***Pèmèt nouvo chofè otobis yo fè tè s woutyè san konpozan konpatiman motè a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan pou retire baryè pou chofè otobis lekòl potansyèl yo k ap aplike pou pèmi kondui komèsyal. Sou enstriksyon Gouvènè a, DMV te aplike yon egzansyon federal ki pèmèt chofè otobis lekòl yo sote konpozan konpatiman motè a, ki rele tou konpozan "anba kapo a" nan tè s woutyè pou pèmi kondui komèsyal la. Sa pral rann li pi fasil pou jwenn yon lisans komèsyal nan yon moman kote chofè otobis lekòl yo bezwen li dezespereman epi [se dènye nan yon seri aksyon](#) ke Gouvènè Hochul dirije pou abòde mank kritik chofè kamyon ak otobis yo.

"Travay transpòte ak pran swen timoun nou yo tèlman enpòtan, epi bezwen pou plis chofè atravè Eta New York vrèman reyèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chanjman senp sa a pral ankouraje plis Nouyòkè vin chofè otobis lekòl – yon chans pou anpil moun vin gen yon enfluyans pozitif epi ede sipòte elèv nou yo, san yo pa sakrifye sekirite."

**Komisè DMV a, Mark J.F. Schroeder, te deklare,** "Chofè otobis yo se yon pati ki enpòtan anpil nan sistèm lekòl nou an. Non sèlman yo gen responsablite enkwayab pou fè pitit nou yo ale ak soti lekòl san danje, men yo souvan se premye vizaji zanmitay yon elèv wè an deyò fanmi yo pandan y ap kòmanse jounen yo. Eta New York valorize epi apresye chofè bis lekòl nou yo epi li prevwa etap sa a pral ede plis moun kalifye pou pran djòb sa yo epi ede fòme avni timoun New York yo."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Li enpòtan pou nou abòde mank chofè otobis lekòl la pou asire nou ka transpòte timoun nou yo lekòl san danje. Se poutèt sa mwen te travay kole ak patnè federal yo nan Administrasyon Sekirite Transpòtè Woutye Federal (Federal Motor Carrier Safety Administration, FMCSA) pou bay yon egzansyon ak siksè ki pèmèt plis moun aplike pou pòs chofè otobis — epi mwen kontan wè New York ap pwofite resous sa yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou patenarya li epi aplodi desizyon sa a ki pral soulaje fado sou kominote nou yo, ki pral bay paran yo trankilite nan lespri ki nesèsè anpil, epi ki pral sipòte elèv nou yo."

[Egzanpsyon "anba kapo a"](#) se Administrasyon Sekirite Transpòtè Woutye Federal (FMCSA) la ki otorize li pou ede Eta yo anboche plis chofè otobis san yo pa sakrifye sekirite, pliske estanda enspeksyon ak antretyen otobis lekòl ki egziste deja yo kontinye aplike. Pandan tès woutye a, aplikan yo toujou oblije fè rès eleman yo nan tès konpetans enspeksyon veyikil pou Pèmi Kondui Komèsyal (Commercial Driver License, CDL) la. Nouvo klasifikasyon CDL sa a, ki pral ekspire 27 novanm 2024, pral mete restriksyon sou moun ki gen lisans yo pou yo kondui otobis lekòl sèlman epi sèlman nan Eta New York.

Men etap Nouyòkè ki enterese yo ta dwe pran pou jwenn yon CDL pou Otobis Lekòl Selman an:

- Premyèman, ou dwe gen yon pèmi kondui Eta New York (Klas D, Klas E, oswa ki pa CDL C);
- Etidye [Manyèl Chofè Komèsyal Eta New York la](#);
- Aplike pou yon pèmi aprantisaj komèsyal (commercial learner permit, CLP) nan yon biwo DMV. Ou dwe pase yon tès konesans ekri pou resevwa yon pèmi CDL ak andòsman pou otobis lekòl ak pou pasaje;
- Pwograme fòmasyon pou chofè nivo debitan. Li [FAQ \(Kesyon yo Poze Souvan\) pou Fòmasyon Chofè Nivo Debitan \(Entry Level Driver Training, ELDT\)](#) pou plis enfòmasyon;
- Prepare w pou tès wout ou a epi pratike ak yon [chofè sipèvizè](#);
- [Pwograme tès woutye pou "Bis Lekòl Limite" ou a](#) ([sou entènèt](#) oswa lè w [rele Sant Kontak DMV a](#));
- Pase tès woutyè "Bis Lekòl Limite" ou a;
- Ale nan yon biwo DMV pou chanje lisans ou a pou reflekte restriksyon "S1" (otobis lekòl sèlman) ak "K" (anndan eta sèlman).

Sou direksyon Gouvènè a, an 2022, DMV te lanse yon pwogram ki otorize twazyèm pati pou fè tès woutye komèsyal yo, ki te ogmante yon fason sinifikatif kapasite pou tip tès woutye sa yo nan tout eta a. Kounye a genyen 27 antite twazyèm pati k ap fè tès woutye pou pèmi kondui komèsyal atravè Eta a. Anplis de sa, atravè koperasyon ak biwo DMV konte yo, Eta a ogmante kapasite tès pou egzamen pèmi komèsyal alekri atravè Eta a.

Aprann plis sou [fason pou w vin yon chofè otobis lekòl](#). Li yon [gid etap pa etap pou w ka jwenn yon CDL](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)